

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode deskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu leuwih nyoko kana kualitas atawa hal penting tina sipat hiji barang atawa jasa (Satori, 2009, kc. 22). Panalungtikan kualitatif dirancang pikeun méré sumbangan kana tiori, prakték, kawijakan, masalah-masalah sosial, jeung tindakan. Pikeun meunangkeun hasil panalungtikan anu hadé, dibutuhkeun sababaraha sarat anu kudu ditedunan, ti mimiti sarat data, cara atawa téhnik néangan data, ngolah data, jeung nganalisis data. Arikunto (2006, kc. 13) nyebutkeun yén ciri-ciri panalungtikan panalungtikan kualitatif téh nyaéta ieu di handap.

- 1) Desain panalungtikan kualitatif sifatna umum, fléksibel, jeung dinamis;
- 2) Langkah panalungtikanna bisa dipikanyaho sacara jelas sanggeus panalungtikan réngsé;
- 3) Teu bisa ngagunakeun populasi jeung sampel;
- 4) Hasil panalungtikanna miboga sipat nembrak;
- 5) Analisis data dilakukeun sacara babarengan jeung ngumpulkeun data.


Suyatna, 2002, kc. 14, ngécéskeun yén métode panalungtikan deskriptif mangrupa panalungtikan nu dijerna ngawengku akumulasi data ku cara déskriptif, teu ngagunakeun uji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, jeung teu ngahasilkeun ma'na implikasi. Sanggeus dideskripsikeun satuluyna dianalisis kalayan ngagunakeun interprétasi jeung pamahaman nu jero.

Desain panalungtikan penting pisan ayana dina hiji panalungtikan, sabab desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik nepi ka bisa ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah. Desain panalungtikan kagambar ku prosés-prosés nu akhirna meunangkeun kacindekan tina hasil panalungtikan. Anapon lengkepna desain panalungtikan ngawengku prosés-prosés saperti ieu di handap.

Dwi Sulistiya Rini, 2021

KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL PUPUTON KARYA AAM AMILIA (Ulukan Sintaksis jeung Pragmatik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1.
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) Sumber data dina panalungtikan nyaéta kalimah ékspresif anu disusun tina struktur jeung ma'na pragmatis. Sumber data panalungtikan mangrupa subjek ti mana data dimeunangkeun. Ieu panalungtikan

ngagunakeun ragam basa tulis tina karangan sastra minangka sumber datana. Sumber datana nya éta kalimah-kalimah éksprési dina novél *Puputon* karya Aam Amilia. Ari datana nyaéta sakabéh klausa atawa kalimah anu ngandung kalimah éksprésif dina éta novél

Idéntitas buku sacara rincina bisa ditingali ieu di handap.

- (1) Sumber Data : Novél *Puputon*
- (2) Karya : Aam Amilia
- (3) Pamedal : PT Kiblat Buku Utama
- (4) Taun medal : 2017
- (5) Tempat medal : Bandung
- (6) Citakan : Citakan ka-1, Sya'ban
- (7) Kandel buku : 89 kaca
- (8) Ukuran buku : 15,5 x 21,5 cm

Dina jilid luarna, aya ilustrasi gambar dua awewe jeung hiji lalaki, aya hiji awéwé nu keur ngais orok ditukangna aya lalaki nu keur nempo ka awéwé hiji deui. Warna anu digunakeun dina éta sampul novel lolobana warna bodas, sedengkeun gambar jelema maké warna biru ngan aya nu béda éta orok warnana bodas. Ari tulisanna mah maké warna beureum jeung hideung, ditukangeun novel aya foto novélina jeung data singget pangarang.

Ieu novel nyaritakeun “*Cinta Segitiga*” antara Mamay-Ismét-Astri. Mamay, bojo Ismét nu kadua. Ismét ngarangkep ka Mamay lantaran teu boga katurunan ti Astri nu divonis gabug ku dokter. Puguh wé susulumputan, sabab Astrina kungsi ngancam rék maéhan mun dicandung. Ka Astri, Ismét sabenerna masih kénéh micinta, ka Mamay deuih Ismét bogoh. Masalah timbul nalika mamay bobot. Sanggeus dina hji waktu panggih jeung Astri, timbul kasadar dina hate Mamay yén dirina geus ngaruksak kabagjaan papada awéwé. Sabada orok lahir jeung Mamay masih kénéh diopnameu di umah sakit, ku Ismét éta orok dicandak ka imahna jeung diakukeun orok batur.

Rusiah kabongkar nalika ibuna Ismét ngalongok, lantaran aya béja Ismét boga orok. Ka ibuna Ismét balaka yén éta orok téh anakna pribadi ti awéwé anu dinikah kalayan sah. Ku Astri, carita Ismét kadéngé... Ahirna Mamay ménta dipirak, jeung Astri ogé tidinya geus mundur sangkan mere kasempatan keur Ismét jeung Mamay.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan hasilna lengkep jeung sistematis. Ari Sugiyono (2012, kc. 148) ngébréhkeun instrumén panalungtikan nyaéta alat pikeun ngukur fénoména alam atawa sosial anu ditalungtik. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Eusi dina kartu data nyaéta cutatan data kalimah éksprésif dina novel *Puputon* karya Aam Amalia. Ieu di handap mangrupa format kartu data.

KARTU DATA	
<i>(Kalimah ekspresif anu dicutat).</i> (Kode data sumber cutatan)	
Analisis	
Wangun Kalimah
Adegan
Ma'na Pragmatis
Maksim Kasopanan

Conto:

<i>"Kang Is sanés nu Mamay, nu Ceu Astri!"</i> (PPN/12/1)	
Analisis	
Wangun Kalimah	Kalimah Salancar Basajan
Adegan	Pola 1: Kal Éks S → J – C – K + In Fi: 222↓

Ma'na Pragmatis	Kalimah Éksprési Karumasaan
Maksim Kasopanan	Maksim Pancocog

Keterangan kartu data :

(a) *Kang Is sanés nu Mamay, nu Ceu Astri!* = kalimah éksprésif anu dicutat

(b) (PPN/12/3) = ID sumber cutatan

PPN = singgetan judul novél

12 = kaca dina novél

1 = nomer pada dina novél

(c) Analisis = wangun, adegan, ma'na, maksim kasopanan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka jeung analisis téks. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 85), téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya patalina jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan. Salian ti éta ogé, téhnik ulikan pustaka dipaké pikeun meunangkeun informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data anu mangrupa buku, nya éta karya sastra novél nu judulna *Puputon* karangan Aam Amilia.

Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data dilakukeun ngaliwatan ku sababaraha tahapan di handap:

- maca buku anu rék ditalungtik, nyaéta novel *Puputon* karangan Aam amilia;
- nyirian kalimah anu kaasup kana kalimah éksprésif
- nyalin kalimah éksprésif kana kartu data;
- nyusun kartu data dumasar halaman buku;
- nalaah kalimah éksprésif dumasar adegan, ma'na, jeung maksim kasopanan; jeung
- nyieun papasingan kalimah dumasar kana adegan, ma'na, jeung maksim kasopanan kalimah éksprésif.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik analisis data mangrupa upaya dina ngelompokkeun data (Mahsun, 2015, kc. 253). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*) nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana. Téhnik ngolah jeung nganalisis anu dipaké dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha tahapan nu ditétélakeun ieu di handap:

1. niténan sarta mariksa deui sakabéh data kalimah éksprésif anu kapuluruh dina sumber data;
2. nyusun data sarta méré nomer data tur idéntitas tina kartu data;
3. nangtukeun papasingan kalimah éksprésif;
4. nganalisis data tina papasingan kalimah éksprésif;
5. ngadéskripsikeun kalimah éksprésif dumasar kana wangun, adegan, ma'na, jeung maksim kasopanan;
6. nafsirkeun data kalimah éksprésif dumasar kana wangun, adegan, ma'na, jeung maksim kasopanan; jeung
7. nyusun kacindekan ngeunaan kalimah éksprésif tina data anu geus diolah.